

Ñetteelu bataaxal bi Yàlla may

YOWAANA,

mu bind ko

¹Man njiit li, maa ngi lay bind, yaw sama xarit Gayus, mi ma bëgg ci sama xol.

²Sama soppe, maa ngi ñaan, Yàlla may la jàmm ci lépp, ànd ak wér-gi-yaram, ju mel ni sa naataangeg xol. ³Sunuy bokk ñew nañu te seede ni nga fonke dëgg gi, ba wéer ci sa dund gépp, te bég naa ci lool. ⁴Awma mbég mu ëpp lii : ma dégg ne samay doomi diine ñu ngiy jaar ci tàñki dëgg.

Ñi ànd ci liggéey bi ak ñi ci àndul

⁵Yaw sama xarit, sa takkute fés na ci teeru bi ngay teeru bokk yi, te fekk xamoo léen. ⁶Seedeel nañu sa mbëggeel fi kanam mbooloom ñi gëm. Taxawu léen nag ci seen yoon taxawu gu neex Yàlla. ⁷Ndaxte turu *Kirisit la léen taxa jóg, te sàkkuwuñu daray ku gëmul. ⁸Nun nag fàww nu teeru ñu mel ni ñoom, ngir nu ànd ak ñoom liggéeyal dëgg.

⁹Bind naa mbooloo mi bataaxal, waaye Joteref, mi bëgg not ñépp, du dégg sunu ndigal. ¹⁰Kon nag su ma ñewee, dinaa fàttali li mu def lépp, ci di nu sosal ci kàdduy neen yu ñaaw. Yemu foofu sax, waaye nanguwula teeru bokk yi, rax-ca-dolli ku léen bëgga teeru, mu gállankoor ko, dàq ko ci mbooloo mi.

¹¹Sama xarit, bul roy lu bon, waaye lu baax rekk. Kuy def lu baax, ci Yàlla nga bokk ; kuy def lu bon, xamoo dara ci Yàlla.

¹²Naka Demetirus nag, ñépp seedeel nañu ko lu baax, te dëgg gi ci moom sax seedeel na ko ko. Nun itam seedeel nanu ko te wóor na ma ne sunu seede dëgg la.

¹³Am na lu bare lu ma la bëggoona wax, waaye lépp xajul ci kayit. ¹⁴Kon yaakaar naa laa seetsi balaa yàgg, jàkkaarlook yaw, nu waxtaan ci.

¹⁵Yal na jàmm ànd ak yaw. Xarit yi yépp ñu ngi lay nuyul. Nuyul nu sunuy xarit, kenn ku nekk ci turam.